



Pou Piblikasyon Imedya: 31/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU BIDJÈ ANE FISKAL 2023

"Sa a se yon moman enpòtan nan rekipèrasyon ekonomik New York, epi mwen pran angajman pou asire bidjè eta nou an reflekte priyorite Nouyòkè yo epi abòde pwoblèm prensipal n ap fè fas ak yo. Soti nan amelyore sekirite piblik rive nan sipòte ti biznis yo, sa yo se pwoblèm ki enpòtan ak konplèks, epi nou bezwen rezoud yo byen.

Mwen kontinye gen konvèsasyon pwodikatif ak Lidè Majorite a Stewart-Cousins ak Prezidan Heastie e mwen apresye kolaborasyon yo ak apwòch bòn fwa yo nan negosyasyon sa yo. Nou ap rapwoche pi pre yon akò, avèk konnsansis sou gwo pwen politik yo.

Nouyòkè yo ta dwe konnen ke gen pwogrè k ap fèt epi n ap pran tan pou nou rive jwenn yon akò k ap sèvi yo epi ki fè eta nou an avanse."

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418